



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 3 desanm 2014

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN REKONSTRIKSYON PON CANALWAY ERIE**

***Pwojè \$319,000 NY Works te repara Pon sou Otsquago Creek ki te andomaje pa inondasyon nan ane 2013***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse rekonstriksyon konplè Pon Otsquago Creek nan santye canalway Erie nan Fort Plain. Pwojè a restore yon lyen nan santye rekreyasyon popilè ki te gravman andomaje pa move tan nan 2013.

“Santye canalway Erie se yon gwo destinasyon touris ak rekreyasyon anplennè nan Mohawk Valley – e avèk yon pon Otsquago Creek restore, kounye a li pi bon pase anvan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pon Otsquago Creek te soufri anpil domaj nan kad inondasyon enpòtan, men jodia nou te rebati l pi solid ak pi rezistans avèk pwochen tanpèt la nan lespri nou. Sa a se yon lòt egzanp sou fason eta ap ranfòse enfrastrikti nou an anfas move tan, e mwèn fyè pou m wè pati sa nan santye a relouvri pou Nouyòkè yo ka pwofite.”

Nan mwa jen 2013, yon inondasyon devastatè te frape lwès konte Montgomery te lave pilye lès pou pon an ki te pote santye rekreyasyon sou Otsquago Creek nan Fort Plain. Yo te oblije retire espas pati lès ki te andomaje a kòm yon mezi prekosyon ijans, sa lakoz yon diferans nan vwa santye a. Ou ka wè foto pon an apre pasaj inondasyon an [la](#).

Nouvo pon an deziyen pou reziste a evènman inondasyon ki pi sevè nan lavni. Yon espas pon ki pi long ranplase espas ki te andomaje a e nouvo strikti a gen ladan pil an asye ki kondwi nan soubasman. Yo te mete tou nouvo wòch rip-rap otou sant kolòn la ki egzite deaj ak nan lwès pilye a. Ou ka wè foto nouvo pon ki rekonstri a disponib [la](#).

Rose Harvey, Komisyone Biwo Park Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Park Eta), te deklare, “Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Cuomo nan fè l vini yon priyorite pou asire ke yo fè reparasyon ki pi rezistan nan etablisman rekreyasyonèl eta nou an apre domaj tanpèt yo. Park, santye ak lòt etablisman

rekreyasyonèl enpòtan nan kalite lavi yon kominote ak klima biznis, e okenn rekiperasyon tanpèt pap konplete jiskaske enfrastrikti a retounen pou sèvi piblik la.”

Brian Stratton, Direktè New York State Canal Corp., te deklare, “Santye atravè eta canalway Erie jenere plis pase \$250 milyon dola nan depans anyèl ki baze sou touris daprè yon resan etid. Angajman Gouvènè Cuomo pou restore pon Otsquago Creek te re-etabli yon lyen ki vitalman enpòtan pou vilaj Fort Plain, pandan lap bay yon wout enpòtan pou plizyè milye siklis, pyeton ak lòt ki itilize segman nan sistèm santye a chak ane.”

Senatè Cecilia Tkaczyk te deklare, “Pon Otsquago Creek se yon pati enpòtan nan santye Erie Canalway nan kominote nou an, e mwen kontan pou m wè l ap rebati. Gouvènè Cuomo absoliman kòrèk pou l konsantre sou ranfòse enfrastrikti nou an kidonk li ka kontinye sèvi pwochen jenerasyon yo. Sa a se yon gwo jou pou Fort Plain ak pou tout moun ki renmen vizite santye a.”

Manm asanble Angelo Santabarbara te deklare, “Restorasyon Pon Otsquago Creek montre angajman eta pou rebati pi solid pase anvan ak pou defini pèseverans moun yo nan konte Montgomery, ki pat janm abandone devan advèsite.”

Egzekitif Konte Montgomery Matthew L. Ossenfort te deklare, “Fòs nou te toujou ap sibi eprè, men moun konte Montgomery toujou reponn. Rejyon nou an gen yon vas vwa navigab, santye ak tè abondan, sa ki fè li vini vrèman yon veritab paradì ak yon pati nan twal rich istwa nou an. Pon an sou Otsquago Creek, nan santye Erie Canalway, se youn ke siklis, moun kap kouri, ski ak motonèj te itilize. Mwen ta renmen remèsye e mwen fyè pou m kanpe bò kote biwo park eta, rekreyasyon ak prezèvasyon istorik kòm nap ofisyèlman ouvri pon sa a pou itilizasyon piblik.”

Robin Dropkin, Direktè Egzekitif Parks & Trails New York, te deklare, “Parks & Trails New York konplimante Gouvènè Cuomo paske li te rebati rapidman pon Otsquago Creek nan Fort Plain pou restore yon lyen enpòtan nan santye popilè Erie Canalway ke siklis, pyeton, eski atravè peyi a e nan rejyon sa a motonèj yo. Yon resan etid ki te dirije pa Parks & Trails New York montre kijan santye atravè eta popilè, avèk preske 1.6 milyon vizit chak ane ak yon enpak ekonomik de \$253 milyon dola.”

Majistra Fort Plain Guy Barton te deklare, “Se te yon gwo pèt nan dat 28 jen 2013 lè tanpèt la te detwi pon sou Otsquago Creek. Se yon gwo atou nan kominote a pou moun yo ki itilize l pou mache, monte bisiklèt ak motonèj, e nou kontan dèske nou genyen l ankò.”

Finansman pou repare pon an vini atravè inisyativ NY Works Gouvènè Cuomo. Yo espere Ajans Jesyon Ijans Federal ap kalifye pwojè a pou ranbousman.

Santye Canalway se yon rezo de apeprè 300 kilomèt santye plizyè itilizasyon nan pati nò New York. Anplis ke li popilè avèk pyeton, siklis ak ski ki soti atravè peyi a ki itilize santye a sou yon baz regilye, segman Fort Plain nan santye a se sou wout tour bisiklèt canal Erie, yon aktivite anyèl Parks & Trails New York pwomote ki pote plizyè santèn siklis atravè pati nò New York. Li se egalman yon pati nan wout motonèj rejyonal la.

Pon Otsquago Creek nan Fort Plain te konstri orijinalman nan pati lwès Shore Railroad. Li te entegre nan santye Erie Canalway pa park eta nan ane 1990 yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride